

Lonje Men Pran ki gen Danje Chèche Pa Aksepte Bagay ki Gen Mèki!

Èske ou te konnen kapab gen mèki kache nan bagay ki ansyen?

Poutèt pwopriyete espesyal li yo, mèki te konn sèvi nan tèmomèt, nan bawomèt, nan miwa, nan òlòj, ak nan lòt bagay ! Mèki se yon eleman toksik, ki kapab lakòz pwoblèm anviwonman ak sante ki mennen gwo depans, si mèki a koule.

Lwa sou Tretman Mèki a limite lavant, epi li defann jete mèki an likid ak pwodwi ki gen mèki nan Massachusetts.

Ou ka jwenn mèki nan bagay ki fèt nan fabrik nenpòt kilè. Gen lòt restriksyon ankò sou lavant ansyen bawomèt, tèmomèt, ak òlòj ki te fèt nan fabrik apre 1955 (gen kèk eksepsyon).

Valè biznis ou ak danje pou anviwonman an kapab lakòz ou pa dwe aksepte materyèl ki ka gen danje sa yo.


Bagay ki ka genyen mèki ladan yo:

Tèmosta



Orizon Artifisyèl

Sous : Elemental Services & Consulting Inc. (ESCO)



Bokal ki gen Mèki Likid



Relógios de Òlòj ki Gen Balansye pëndulo



Bawomèt



Aparèy pou Mezire



Enteriptè Baskil



Pyèj pou Peche



Amyonòm ki gen Tib



Tèmomèt

Sous : Northeast Waste Management Officials' Association (NEWMOA)

Sous : Northeast Waste Management Officials' Association (NEWMOA)

Idantifye lòt bagay ankò: www.newmoa.org/prevention/mercury/projects/legacy

Metòd kòrèk pou trete bagay ki genyen mèki:

- Kontakte kote nan vil ou ki genyen aktivite sou dechè nan kay ki gen danje, oswa kote ou ka ale pou sa
 - Gade nan Kat MassDEP pou Jete Bagay ki Genyen Mèki: maps.env.state.ma.us/dep/arcgis/js/templates/SafeMercuryDisposal
- Pou mande kote ou ka jete dechè yo, rele Nimewo Espesyal MassDEP pou Mèki a, ki se: (866) 9-MERCURY

Si gen yon mèki ki rive koule, swiv gid MassDEP sou jan pou netwaye li san danje a: mass.gov/guides/massdep-mercury-information



Kote ki konpoze dokiman sa a, se CET, soukont Reworld avèk sipèvizyon ak imaj NEWMOA (NEWMOA.org).

